



# 1199SEIU Funds

## PLANIFIKASYON FINANSYÈ POU RETRÈT:

*Kalkile Konbyen Lajan*

*W ap Bezwen pou Retrèt*

Nan pake sa a, w ap jwenn:

- Enstriksyon etap pa etap pou kalkile tout salè retrèt ou
- Dokiman travay salè retrèt ak depans ou yo
- Yon *Paj Konsèy Ekonomi* ki ka ede w ekonomize lajan pandan ane w ap travay yo

Nou swete ke enfòmasyon nou ba ou yo pral ede gide w nan pran desizyon anrapò ak retrèt ou.

# ETAP POU PLANIFYE RETRÈT OU

## ETAP 1

Deside a ki laj ou ta renmen pran retrèt: \_\_\_\_\_

## ETAP 2

Fè estimasyon Sekirite Sosyal ou sou entènèt nan [www.ssa.gov/benefits/retirement/estimator.html](http://www.ssa.gov/benefits/retirement/estimator.html)

- Klike sou bouton “Estimate Your Retirement Benefits” (Fè Estimasyon Avantaj Retrèt Ou) la.
- Ranpli fòm “Verify Your Identity” (Verifye Idantite Ou) a.
- Tcheke ti kare “Terms of Service” (Tèm Sèvis Yo) yo.
- Klike sou bouton “Submit” (Soumèt) la.
- Sou pwochen ekran an (“Retirement Estimator” (Estimasyon Retrèt ou)) antre Last Year’s Earning (“Rantre w Ane Pase”).
- Klike “Next”(swivan).
- Revize opsyon pou retrèt a 62, 67 epi 70 lane. *Ou pral resevwa montan maksimòm pa mwa si w rete tann jiska laj 70 an pou pran retrèt ou.*

## ETAP 3

Detèmine depans ou pral genyen pa mwa. Ou gendwa kalkile bidjè pa mwa w pandan w ap sèvi ak Dokiman *Depans Retrèt la* nan paj annapre a.

## ETAP 4

Retire montan w jwenn nan ETAP 2 a nan montan w te jwenn nan ETAP 3 a.

Sa a se montan ke w pral bezwen nan ekonomi retrèt ou chak mwa pandan ane tretrèt ou yo.

# DOKIMAN DEPANS RETRÈT

Dokiman sa a ka ede w fè estimasyon depans ou pandan retrèt ou.

<b>Depans Nòminal Mansyèl (li genyen sèlman yon montan si sa aplikab)</b>	
<b>Kategori Depans</b>	<b>Montan Pa Mwa</b>
<b>Lojman</b>	
Ipotèk oswa lwaye (si sa aplikab)	\$ <input type="text"/>
Taks sou pwopriyete	\$ <input type="text"/>
Asirans pwopriyete kay	\$ <input type="text"/>
Depans piblik	\$ <input type="text"/>
Antretyen/Frè	\$ <input type="text"/>
<b>Manje</b>	
Pwovizyon	\$ <input type="text"/>
Manje nan restoran	\$ <input type="text"/>
<b>Transpò</b>	
Antretyen machin	\$ <input type="text"/>
Kabiran	\$ <input type="text"/>
Asirans machin	\$ <input type="text"/>
Transpò piblik	\$ <input type="text"/>
<b>Swen Sante</b>	
Prim Medicare	\$ <input type="text"/>
Lòt depans medikal	\$ <input type="text"/>
<b>Asirans Anplis</b>	
Asirans Lavi	\$ <input type="text"/>
<b>Swen Pèsonèl</b>	
Rad	\$ <input type="text"/>
Pwodui ak sèvis	\$ <input type="text"/>
<b>Swen Fanmi</b>	
Swen timoun oswa konjwen	\$ <input type="text"/>

Lòt	
Prè/Kat kredi/Dèt (eseye pa genyen sa a!)	\$ <input type="text"/>
Divètisman	\$ <input type="text"/>
Vwayaj/Vakans	\$ <input type="text"/>
Pastan	\$ <input type="text"/>
Kado	\$ <input type="text"/>
Edikasyon	\$ <input type="text"/>
Kontribisyon charite	\$ <input type="text"/>
Lòt	\$ <input type="text"/>
Total	
Depans Pa Mwa	\$ <input type="text"/>

## DOKIMAN DEPANS RETRÈT

Dokiman sa a ka ede w fè estimasyon rantre w pandan retrèt ou.

Sous Salè Pa Mwa		
	Oumenm	Konjwen W
Sekirite Sosyal	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Salè travay (sèlman si w kontinye travay pandan retrèt ou a)	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Salè lwaye	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Avantaj veteran	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Andikap	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Lòt	\$ <input type="text"/>	\$ <input type="text"/>
Revni Total Pa Mwa		
Èske w gen yon <b>sipli</b> (plis pase sa w bezwen) oswa yon <b>defisi</b> (mwens pase sa w bezwen)?	\$ <input type="text"/>	

# PAJ KONSÈY POU EKONOMIZE

Sonje pou w ajoute nenpòt lajan nan konsèy ekonomi sa yo (ak lòt fason w te rive fè ekonomi) nan kont ekonomi retrèt ou!

Kategori	Olye de sa a...	...eseye sa a
Sinema ak Tele	Kab - \$70/mwa	Netflix/Hulu - \$8/mwa DVD nan bibliyotèk - GRATIS
Transpò	MTA MetroCard - \$121/mwa	Gade si travay ou a genyen yon pwogram transpò pre-taks.
Manje	Manje a anpòte - New York se youn nan kote ki pi chè pou yon moun manje nan mond lan!	Mete li nan sachè! Si w dwe manje deyò, tcheke ak travay ou pou diskont restoran oswa tcheke Groupon ak lòt sit diskont pou fè ekonomi nan restoran. Epi tou, pandan lè espesyal yo restoran (ant 4è pm ak 7è pm) ofri meni manje midi ak dine pou yon fraksyon nan pri a.
Fòm Fizik	Ou genyen yon enskripsyon nan jimnazyòm men al fè egzèsis sèlman yon lè konsa chak ane?	YMCA of Greater New York ofri yon diskont pou manm 1199SEIU, oswa fè egzèsis ak videyo egzèsis sou YouTube ki fokalize sou danse, leve pwa, ak espò espesifik, egzèsis gwo entèval entans (HIIT), kadyo, elatriye.
Sosyalize/Lòt Depans	Magazen, sinema, acha ak konsè	Tcheke sou Groupon, LivingSocial, RetailMeNot, Working Advantage ak CityPASS, ki ofri 50% rive 90% rabè sou anpil atraksyon ak sèvis.
Bote/Swen	Salon ak kwafè	Lekòl bote tankou Paul Mitchell ad Aveda ofri sèvis pou cheve ak etidyan pou gwo diskont.
Divès	Èske atik ou pa itilize yo ap pran espas oswa ap ranmase pousyè?	Vann li! eBay ak Poshmark pran yon komisyon 20% Men OfferUP, letgo ak Close5 kite w vann gratis! Atik ou pa bezwen oswa pa sèvi gendwa se bagay yon lòt moun ap chache achte.